# ҚАНЛЫКӨЛДЕ 2021-ЖЫЛЫ 400 ГЕКТАР ЖЕР МАЙДАНҒА ЖҮЗИМ НӘЛЛЕРИН ЕГИЎ РЕЖЕЛЕСТИРИЛГЕН

Image not found or type unknown

Усы жылдың 5-февраль күни Қанлыкөл районы “Арзымбетқум” аўыл пуқаралар жыйыны аймағында жайласқан “Бесқала-2” фермер хожалығында мийўели тереклер ҳәм жүзим нәллерин егиў жумыслары бойынша көргизбели семинар өткерилди.

Семинарға Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси баслығының орынбасары С.Хожаметов, район ҳәкими А.Ибрагимов ҳәмде районда искерлик алып барып атырған фермер ҳәм аўыл хожалығы кәрханалары басшылары қатнасты.

Көргизбели семинар барысында, жүзим нәллерин жеткерип бериўши субъектлер тәрепинен, фермер хожалықларына жүзим нәллерин егиўдиң ҳәм оны жетистириўдиң агротехникасы бойынша кеңеслер, бир қатар усыныслар берилди. Усы шеңберде, “Бесқала-2” фермер хожалығы тәрепинен 3 гектар жер майданға жүзим нәллери егилди.

Мағлыўмат орнында, Қанлыкөл районында 2021-жылы фермер ҳәм аўыл хожалығы кәрханалары тәрепинен 400 гектар жер майданға жүзим егиў режелестирилген болып, ҳәзирги ўақытта кәрханалар “Аҳоли томорқа хизмати” ЖШЖ менен жүзим нәллерин жеткерип бериў бойынша өз-ара шәртнамалар дүзбекте.

**Қанлыкөл районы ҳәкимлиги Мәлимлеме хызмети**